16.- MISIK

Misik nek na mbir mu wër adduna bi yépp, xammeewul làkk, xammeewul dëkk. Nekk na poŋk binga xam ne dina waral ñu mënë raññe aaday dëkk yi. Mooy juumtukaay bi mënë boole aada yu wute bañuy mën di ànd di jëflante

Ci diiru ñetti at yi ci semeen bune wolla book ayubis bune dinañ jël ñaari waxtu jàŋgelee ko jëflante digënte nit ñi, sos am mbir wolla book “creer”, akit dejar looxam ne mbooloo moo koy def.

Lan lañ bëgg am ci loolu? Liñ ci bëgg am mooy yar eleew yi ci baneexu jëme ci misik.

Ci ate mu jëkk mi ak atum ñaarel mi dinañ jàŋg jëme ci làkku misik, ni galan yi di tëdde, ritm biñiy jël akit xam juumtukaay yiñiye jëfëndikoo ci misik. Ci ñetteelu at mi dinañu jàŋg istwaaru misik boole koo’k xewxew yi amoon ci jamano bu nekk. Ci ñetteelu at mi dinañ jàŋg misiku adduna bi.

Warnañoo am juumtukaay yiñiy soxla ngir mënë tëgg ay woy ci biir njàŋgum misik mi ludeme niki piano, gitaar, mbiib, ndënd, ci biir xeetu ndënd yi amna ndënd yu ndaw wolla jembe ak ay ndënd yu mag.